Babad alit

(kinder-babad)

Kebosena 1911

Babad alit

Panaraga.

Sabedahé kraton Madjapait ing nalika taoen : 1400 : poetrané sang ratoe Madjapait, kang nama radèn Djakapitoeroet oetawa radèn Alakkali, teloek karo soeltan ing Demak, kabawah ing soeltan Demak. Radèn Djakapitoeroet maoe bandjoer mleboe agama islam djoemeneng pangkat wali adjoedjoeloek Bartara Katong, sanadjan isih anjar enggoné marsoedi kawroeh bab agama islam, anangging kaleboe poendjoel ing panemoe sarta pantji pinter, moelané dipidji dening kangdjeng soeltan, dipoerih neloekaké wong Djawa kang isih nganggo agama boeda kang doemoenoeng sawètaning goenoeng Lawoe (saiki paresidènan Madioen) panggedéné wong Djawa boeda; kang ana sawètaning goenoeng Lawoe ikoe pangkaté kiageng, nagarané ing Koetoe (saiki kaonderan Djetis district Ardjawinangoen apdéling Panaraga) déné seseboetané pangkaté kiageng Koetoe.

Batara Katong sawisé roemanti, anggawa bala satoes-patang poeloeh, kabèh para moekmin (moeslim) kang wis pada bisa ngadji koer-an lan kitap², panggedéné bala maoe aran kiageng Mirah, ikoe dipertjaja karo Batara Katong sinadoeloer sinarawèdi. Lakoené Batara-Katong saka Demak mangidoel ngétan, ing marga tan tjinarita, djoedjoegé ing désa Plampitan (saiki désa Sentana, merdikan Batara-Katong bawah distrik kota Panaraga), ana ing desa kono Batara Katong sabalané pada moelang agama islam toemrap marang wong Djawa ing désa² liané kang isih nganggo agama boeda, wong Djawa kabèh pada demen nganggo agama islam; nalika ikoe kiageng Koetoe

ia wis mireng jèn Batara-Katong moelang agama islam marang wong Djawa bawahé, kiageng Koetoe ora ngaroebiroe apa², awit woes weroeh jèn ikoe saka parèntahé kangdjeng soeltan ing Demak, bareng wis sawatara taoen wong Sabranglor (wiwit désa Plimpitan mangalor nganti teka Madioen) wis pada mleboe agama islam kabèh, Batara Katong bandjoer ngalih mangidoel ngebroki désa Nglangoe, njedaki koetané kiageng Koetoe, ana ing désa kono ia moelang agama islam, lawas² kiageng Koetoe dipoerih mleboe agama islam soepaja amboeang agama boeda, ananging kiageng Koetoe lenggana, amarga roemangsa wis toea, sarta wis demen agama ikoe, déné liané wong oetawa bawahé arep maleboe agama islam ora dilarangi. Batara-Katong ora marem wangsoelan mangkono ikoe, kiageng Koetoe dipeksa dipoerih mleboe agama islam; soewé² pada soeDla ing remboeg, dadi padoe, bandjoer ngandakaké prang antarané wong moekmin lan wong boeda, lawasé prang ikoe nganti sawatara taoen genti kalindih, terkadang wong boeda kasoran, terkadang wong islam. Ing nalika sawidji wektoe kiageng Koetoe ngetog balané, para adjar ing goenoeng² pada tinimbalan magoet prang, déné prangé karo kiageng Koetoe ikoe wektoe bengi, toempakané banteng gagah prakosa, pantjolotè banteng ikoe banter banget, gamané kiageng Koetoe toembak lan pedang. Bareng wis pada roemanti kabèh wong boeda maoe ing sawidjining bengi mangsah prang, di-irit kiageng Koetoe lan adjar Goenoeng Bajangkaki, panggonané prang ana saloré désa Nglawoe, nalika ikoe wong islam akèh kang mati, prangé wong islam kasoran, sakariné kang mati pada loemajoe ngoengsi oerip, andelik ing alas oetawa ing désa² panggonané wong islam. Batara-Katong ia keplajoe pisah karo balané, nganti teka sakoelonè kali Tempoeran. Wong boeda bareng weroeh wong islam pada loemajoe, goesis bandjoer pada boebar, bali moelih marang omahé déwé.

Nalika ikoe Batara-Katong banget prihatiné noeli bali menjang Demak manèh, njoewoen bantoe. Kangdjeng soeltan maringi bala manèh, kabèh para moekmin, panggedéné aran kjai Séla-Adji, dadi saiki babaoené Batara-Katong wong loro, sidji kiageng Mirah, loro kiageng Séla-Adji, pada sinadoeloer sinarawèdi. Saka Demak Batara-Katong bali marang doekoehané manèh karo wong loro maoe lan balané, ia ikoe ing désa Plampitan kaseboet ing dowoer; ana kono Batara-Katong ngloempoekaké para moekmin sabrang lor, ia ikoe ing Madioen sapangalor kang wis lawas pada mleboe agama islam; bareng balané Batara-Katong wis pada ngloempoek akèh manèh, bandjoer nglèrèg mangidoel nekoek mangètan andjoedjoeg ing désa Sawo, ana ing kono tata² praboting prang lan sedya barang² oetawa gaman² kang perloe². Kiageng Koetoe ia wis midanget pawarta jèn wong islam anglarag manèh menjang Koetoe, kiageng bandjoer ngloempoekaké para adjar² sarta balané para wong boeda, sarta gagaman warna² pada di sedjakaké saprabotè paprangan. Ing nalika sawidjining bengi kiageng Koetoe nglarag mangètan mapakaké moengsoeh, tempoeké prang ramé banget akèh papati, sakala ikoe wong islam kalindih akèh sing mati. Kiageng Koetoe prangé tan kena linawan, toenggangané banteng pantjolotè banter, ing wajah bengi petengan kiageng Koetoe lan bantengé, bisa awas pandelengé kaja déné awan, ananging Batara-Katong sabalané pandelengé peteng, moelané andadèkaké soesahé Batara-Katong, jèn prang awan kiageng Koetoe ora nglawani, jèn awan kiageng Koetoe sabalané pada singidan manggon ana ing alas, jèn bengi nempoeh ngebjoeki balané Batara-Katong, bala islam akèh kang katiwasan,

bareng Batara-Katong arep kalindih ing joedané, anoeli nepi ana ing pratapan tjedak goenoeng Bajangkaki; aneges karsaning kang moerbèng djagat, kaprië [kang dadi wekasané] apa bisa menang apa ora moengsoeh kiageng Koetoe. Katjarita nalika sawidjining bengi Batara-Katong olèh sasmitaning Goesti-Allah, prangé, prangé jèn nganggo srana bisa oenggoel, déné sranané koedoe nganggo obor madjoepat, lor wétan kidoel lan koelon, amarga kiageng Koetoe ikoe jèn prang ing wajah bengi; jèn disranani padangé obor kiageng Koetoe sabantèngé nripaté blòloken, ora bisa permana pandelengé, déné jèn ora diobori paningalé awas padang nrawang kaja déné awan, moelané kerep oenggoel.

Sawisé Batara-Katong antoek sasmita mangkono inggal dilakoni; ing lia dina bareng wis roemati bandjoer mangsah prang manèh. Nalika prang iki Batara Katong isih kalindih malah nganti kaplajoe pisah karo bala akèh, sariranè Batara-Katong nandang gerah, sing ngetoetaké moeng kjai Sela-Adji lan poenakawan sawatara. Batara Katong andelik marang pinggir alas ing padoekoehan soewoeng, sariranè baraos loengkrah tanpa kakoeatan, sarèhné keplajoe karo bala akèh sangoe² wis entèk, ora ana panganan apa² manèh. Nalika ikoe ing padoekoehan kono ana sapi sidji doewé anak isih tjilik, sapi ikoe arep dibelèh kanggo tamba ngelih, batara katong ora pareng, moeng dipoendoet poehané; sapi bandjoer dipoeh saben ésoek metoe poehané sagendoel dioendjoek Batara-Katong, bareng Batara-Katong wis angoendjoek poehan sapi sariranè Batara-Katong koeat sarta rosa, bagas koearasan koewawi mangkat prang manèh, noeli balané kang pada oera dikalompoekaké manèh. Bareng wis pepak sarta obor² wis pada tjoemawis kabèh, ing sawidjining bengi anoedjoe petengan djero, Batara-Katong sabalané niat angetog kasoedirané mangsah prang nerempoed

sawengi ikoe; kiageng Koetoe ia wis sedia sabalané kabèh, déné panggonané prang ana sawétaning désa Sawo, tjedak Goenoeng Bajangkaki; tempoeking joeda ramé sanget bala islam lan bala boeda, pedang pinedang, toembak tinoembak, soedoek sinoedoek; bareng wis tengah wengi ngamoek² kiageng Koetoe saja gambira, obor pinasang madjoepat, kiageng Koetoe sabantèngé blòlokken, groemboel dikira moengsoeh, moengsoeh dikira garoemboel, pantjoloting bantèng noemboek² ora pramana, sing diantjap lan sing ditoebroek doedoe moengsoeh, kerep kedjoengkel lan ketatap ing kajoe gedé, bareng wis lingsir bengi ing sisih wétan ana goemoek sidji angregemeh, dikira moengsoeh katon angregemeng ditoebroek saka koelon sakajangé, pantjoloting bantèng saking bantere ketatap goemoek kang awatoe, bantèng kaglimpang soemapoet, inggal kiageng Sela-Adji ngantjap kiageng Koetoe dilarèhi toembak djadja troes walikat, kiageng Koetoe pralaja sabantèngé pisan, bareng koenarpané kiageng Koetoe ditjedaki Batara-Katong arep dipriksa, bangké sabantèngé moemboel ing awang² bandjoer sirna. Ing kono ana soeara doemeling mangkéné oeniné: „Ba Batara-Katong saiki akoe kalah karo kowé, besoek ing boeri anak poetoekoe bakal males marang anak poetoemoe sing kari.“

Sasédané kiageng Koetoe kabèh para kiageng-ageng toewin para adjar² apa manèh bala boeda kabèh, pada teloek ambongkoki gamané, toembak keris pedang sapitoeroeté, ora ana wong sidji-sidjia kang mongkol, kabèh teloek marang Batara-Katong, sarta gelem nganggo agama islam anggoewang agama boeda, prang boebar, tata² boedal menjang désa Nglawoe, satekané désa Nglawoe Batara-Katong mranata pamréntahan ing Sabrang-kidoel, ing désa Nglawoe didegi masdjid pondokan, sing ngepalani para moekmin lan

santri kiageng Sela-Adji marèntah Sabrangkidoel kabèh. Singana sabrang koelon sakoelonè kali iá ikoe ing Samarata kiageng Mirah, sing ana talatah pagoenoengan Patjitan kiageng Posong, sing ana talatah pagoenoengan Panggoel ménak Sopal, déné kang ana Sabranglor Batara-Katong, doedoenoeng ing désa Plampitan karo poenggawa sawatara, marentah Sabranglor, nalika ikoe Batara-Katong anggiar papali (wawaler) satoeroen toeroenè kabèh ora kena mangan daging sapi, awit sariranè koeatè sako poehan maoe, sarta satekanè dina iki jèn toeroenè Batara-Katong anradjang wawaler awakè bandjoer kena lelara bintoel kajo bidoeren, rasanè gatel panas, déné watesè tanahè Batara-Katong maoe lor kali Sala wétan goenoeng Pandan, goenoeng Wilis mangidoel, kidoel sagara Indi, Koelon goenoeng Lawoe, mangolor notog bangawan Sala, mangidoel teka sagara kidoel, paprèntahan nalika ikoe sing dikentjengakè mersoedi agama islam, ngadji koer-an lan kitab, saben désa saben koeta ana pondokè kanggo panggonanè santri ngadji, sarta ana kjainè kang moelang santri maoe, déné kang djoemeneng panggedènè kjai² maoe: kiageng Mirah, kiageng Sela-adji, kiageng Poso, Ménak-Sopal lan ana sawatara lianè manèh, déné Batara-Katong djoemeneng walsiolah, angerèhakè para moekmin maoe kabèh ing sawètaning goenoeng Lawoe.

Pamrentahanè Batara-Katong banget tentrem kabèh wong sawètaning goenoeng Lawoe pada soejoet, soemoengkem temen² marang Batara-Katong ora ana wong sing mangkol oetawa sing malang² angalang-alangi oetawa anjangkal marang pamrèntahanè Batara-Katong nganti tekanè sepoeh, diganti marang poetra, pangkatè pangeran Waliolah. Wong Djawa kabèh pada marsoedi agama islam, ngadji koer-an, ngadji kitab warna², oesoel, takrib, badjoeri, sitin, semara kanti,

patal-moein, tasawoeb sapanoenggalanè. Akèh banget wong Djawa sawètanè goenoeng Lawoe kang djamhoer ngadji kitab kang doewoer² panoenggalanè kitab tasawoeb, pasantrènè kang gedé² ing Nglawoe, Tegalsari, Setana, Mirah, lan lia lianè.

Bareng pamrèntahanè Batara-Katong toemoeroen marang poetra, noeli toemoeroen marang wajah, wajahè ikoe ngalih padalemam, metoe saka tjepoerinè pakarangané Batara-Katong, déné enggonè adeg dalem ana sakidoelè dalemè Batara Katong dohè satengah pal, kalanè angadegakè dalem maoe angloempoekakè para moekmin para kjai² kang wis djamhoer ing ngèlmoe agama islam lan nalika ikoe para poenggawa kang gedé² wis pada pana menjang raganè. Moepakat poenggawa kang gedé² nagaranè Batara-Katong didjenengakè: Panaraga, awit wong boemi akèh kang pana marang raganè, tegesè pana ikoe weroeh, raga awak, weroeh marang awakè, weroeh asalè raganè, lan weroeh wekasanè, tegesè weroeh marang kamoeljaning sangkan paran. Nalika ikoe oega pangéran wajahè Batara-Katong maoe katetepanè pangkatè saka kangdjeng soeltan, apangkat adipati, dadi wis roedjoek karo para moekmin poenggawa kang gedé² sawisè dalem rampoeng sarta bandjoer dibojongi djoemenengan adipati. Wiwit nalika ikoe djoemenengè adipati Panaraga, nalika taoen   pamrèntahanè adipati Panaraga kaloeboe tentrem, wong Panaraga madjoe enggonè pada mersoedi kawroeh ngèlmoe agama islam saja tambah², nganti misoewoer ing sapoelo Djawa, jèn wong Panaraga pada pinter² ngadji kitab. Bareng Batara-Katong woes séda kasarèkakè ana ing tjepoeri Katongan, aranè diélih astana Batara-Katong, tjepoeri dalem dadi pasarèanè para prijaji lia-lianè oetawa sanak pamilinè kang papat pada disarèkakè ing Katongan maoe, sabandjoerè désa Astana-Batara-

Katong maoe dadi boemi narawita ngganti saiki.

Déné sing dadi adipati ing Panaragâ ikoe toeroen matoeroené isih sakâ Batara-Katong.

Nalikâ karaton Djawâ anâ ing Padjang isih sadjroné windoe: 15: soeltan Padjang adjoedjoeloek kangdjeng soeltan Adiwidjaja, boeminé adipati Panaragâ kang sisih lor disoewak, kaparingaké marang ipé dalem kangdjeng soeltan, ingkang asmâ kangdjeng pangéran, Mas, bandjoer didjoemenengaké pangkat panembahan adjoedjoeloek panembahan Madioen, déné watesé kali Tjâtoer mangoelon notog goenoeng Lawoe, mangétan notog goenoeng Wilis, sing lor dadi bawahé panembahan Madioen, kidoel bawahé adipati Panaragâ sapangidoel djedoeg sagara.

Sadjroné windoe: 17: nalikâ karaton Djawâ anâ ing Mentaram, kang djoemeneng ratoe ingkang sinoehoen kangdjeng soesoehoenan Mangkoeratmas, anâ prang atarané kangdjeng soenan lan kangdjeng pangéran Poeger. Kangdjeng pangeran Poeger ikoe ingkang paman kangdjeng soenan. Kangdjeng pangéran Poeger angendih karatoné ingkang putra kaponakan maoe.

Kaleksanan prangé Kapoegeran balané onggol, balané kangdjeng soenan kasoran, akèh kang mèloe Kapoegeran, kangdjeng soenan boten katjonggah nanggoelang prangé kang paman, kangdjeng sinoehoen ladjeng lolos sakâ pradja menjang Panaragâ, pangéran Poeger bandjoer djoemeneng ratoe anâ ing Mantaram, adjoedjoeloek kangdjeng soesoehoenan Pakoeboeanâ sapisan.

Kangdjeng soenan Mangkoeratmas sarawoehé ing Panaragâ, parentah kalawan peksâ marang adipati Panaragâ, soepajâ ngreboet nagarâ Mantaram, ngembari soedibjaning sinoehoen Poeger. Bareng adipati Panaragâ mopo bandjoer di ketok goeloené, iâ ikoe adipati Mertawangsâ toeroené Batara-Katong. Parâ poenggawâ lan pamili Mertawangsan akèh kang margoel, padâ ambalik niat amanèni kangdjeng soenan Mangkoeratmas. Kangdjeng soenan inggal lolos loemajoe menjang tanah Djapan (Madjakartâ) anâ ing kono katjandak Kompeni lan balané kangdjeng sinoehoen Pakoeboeanâ I. noeli ditjekel dikèndangaké menjang poelo Sélong, dikantèni wong Djawâ kehé sèket lanang wadon.

Pangkat kadipatèn Panaragâ bandjoer diganti poetrané dipati kang diloenasi kangdjeng soenan Mangkoeratmas maoe, pamarentahané tentrem orâ anâ dahoeroe papringan, wong sa-Panaragâ soengkemé lair batin marang toeroené Batara-Katong.

Nalikâ karaton Djawâ anâ ing Kartasoerâ sadjroné windoe: 17: njandak windoe: 18: anâ dahoeroe prang Tjinâ, ingkang djoemeneng ratoe ing Kartasoerâ kangdjeng sinoehoen praboe Mangkoerat-Djawâ. Prang Tjinâ ikoe tegesé bangsâ Djawâ prang karo bangsâ Tjinâ, bangsâ Tjinâ kantjané karo wong Koedoes pranakan Arab angadegaké ratoe adjoedjoeloek Soenan-Koening, ikoe wajahé kangdjeng soenan Mangkoeratmas kaseboet ing doewoer, soenan Koening maoe balané bangsâ Tjinâ ing Samarang, Pati, Koedoes, Rembang, Lasem sapitoeroeté, lan abalâ bangsâ Djawâ ing nagarâ kono kang pranakan bangsâ Arab, sawisé pepak pirantiné lan balané bandjoer ngrajah ambedah nagarâ Kartasoerâ. Sabedahé Kartasoerâ kangdjeng sinoehoen praboe Mangkoerat Djawâ lolos menjang Panaragâ, tindakkè mangétan tanpâ balâ, kèndel ing doesoen Gendingan (Ngawi) kèndel ing omahé wong désâ ing Gendingan aran Soemadranâ, kangdjeng sinoehoen anâ ing omahé Soemadranâ renâ banget panggalihé, liâ dinâ bandjoer tindak mangidoel menjang Panaragâ, njanggrah ing Samaratâ, tjedak pasarèhané kiageng Mirah, anâ ing kono bandjoer nimbali dipati Panaragâ, sartâ balané sing kari bandjoer noesoel

ora antara lawas kangdjeng sinoehoen bandjoer ngèrèg mangidoel, lèrèn ing dèsa Sawo tjedak goenoeng Bajangkaki. Ana ing dèsa Sawo kangdjeng sinoehoen angsal sasmitané goesti Allah, kapoerih moendoet pitoeloeng dateng adipati Panaraga, sagedipoen djoemeneng manèh, sasmita mau bandjoer dileksanani déning kangdjeng sinoehoen, sarta moerih piandelé kangdjeng sinoehoen moendoet garwa poetrané adipati Panaraga. Adipati Panaraga kadoega banget anglakoni dawoeh dalem, temen² soengkemé lair batin sapoetrané kabèh, dené poetra loewih satoes. Sawisé tampa dawoeh sarta roemanti sapoetra sarta balané kabèh, adipati Panaraga bandjoer nglarag menjang Kartasoera, moempoeh prang karo bangsa Tjina, Kompeni kang noeloengi, bala Panaraga lan Kompeni prang moengsoeh bangsa tjina gagah prakosa, kodya matjan olèh borokan, bangsa Tjina dadal laroet dioesir saka Kartasoera, Soenan Koening katjekel kakèndangaké marang poelo Sélong noesoel kang éang. Bangsa Tjina sisané kang mati pada andelik ora angoengsi oerip, déné bangsa Djawa pranakan Arab balané Soenan Koening pada andelik ngoengsi oerip anjlamoer pada réwa² dadi kéré ngemis ing dèsa lan ing nagara.

Saboebaré prang bangsa Tjina sirna laroet, kangdjeng sinoehoen bandjoer karsa kondoer djoemeneng ratoe manèh, ananging ora ana ing Kartasoera, anoeli jasa karaton ana ing dèsa Sala, ia ikoe karaton Soerakarta saiki, kangdjeng sinoehoen bandjoer djoemeneng ratoe manèh, poetrané adipati Panaraga akèh kang kaparingan pangkat ana ing Sala.

Sadjroné windoe ·18· ·19· kang djoemeneng ratoe ing Soerakarta Kangdjeng sinoehoen Pakoeboeana II ana dahoeroe prang Mangkoeboemèn lan prang pangéran Samberujawa. Nalika mangsa ikoe adipati Panaraga soeala karo kangdjeng pangéran Samberujawa, bandjoer kadoekan, linoeroegan ing prang, adipati Panaraga katjandak ana ing dèsa Demoeng, bandjoer diloenasi ditoegel goeloené, saboebaré prang Mangkoeboemèn lan Sambernjawan nagara Panaraga dibrentjah dadi kaboepatèn nem, sisih lor kaboepatèn Palaredja (Wrikilan), koelon Samarata, kidoel Sawo (Gading), pinggir kidoel ing Pasasing (Patjitan), déné Panaraga ana antarané Palaredja lan Gading, lan Trenggalèk.

Sadjroné windoe ·19· tanah Panaraga kabawah Goepermèn Walanda, diringkes manèh, kaboepatèn Panaraga, Gading lan Palaredja dadi sidji Panaraga, Patjitan tetep, Samarata tetep, kaboepatèné Panaraga ngalih menjang dèsa Mernoeng, ora lawas kaboepatèn Samarata didadèkaké sidji, kabawah marang Panaraga, Trenggalèk kabawah marang Kediri.

Patjitan

Saboebaré prang Mangkoeboemèn ana abdiné kangdjeng pangéran Mangkoenagara kang aran Setraketipa, diangkat dadi toemenggoeng ana Nanggoengan (Patjitan), Setraketipa maoe enggoné sinengkakaké ing aloehoer dadi boepati, djalaran katrima njaosi dadaharan wowohan marang kangdjeng pangéran Mangkoenagara kalané kajalan kasrakat ana ing alas tanpa dahar, déné wowohan maoe arané patjé (bentis kang wis mateng) moelané bareng tetep dadi toemenggoeng ana ing Nanggoengan, nagarané didjenengaké Patjitan, marga katrima saka njaosi wowohan kang aran ·patjé·. Bareng toemenggoeng Patjitan Setraketipa wis séda, kaganti poetrané aran radèn toemenggoeng Setrawidjaja, ing nalika ikoe nagara Patjitan bandjoer kabawah kangdjeng Goepermèn panggedéné bangsa Walanda apangkat Opsinder.

Radèn toemenggoeng Setrawidjaja ikoe wedi banget.

karo Walandà, adja manèh sing remboegan katemoe bae ora wani, bareng toean Opsinder manggon ing koeta Patjitan, raden toemenggoeng Setrawidjaja bandjoer ngoengsi andelik menjang goenoeng ing dèsa Bandar, ora wani moedoen menjang koeta, paprèntahané nagara dipasrahaké marang demang Ardjowinangoen aran kjai Djajaniman, kang maoené tilas modin ing dèsa kono. Kjai Djajaniman pantji wong tjakep, gagah prakosa bisa ngerèhaké wong Patjitan, sarta kanggo pasoewitané marang toean Opsinder. Ora antara lawas raden toemenggoeng Setrawidjaja ditjopot, bandjoer bojong menjang Sala, kjai Djajaniman goemanti dadi boepati ing Patjitan, adjoedjoeloek raden toemenggoeng Djagakarja, nalika ikoe wiwit ana boepati sapisan bawah Goepermèn ing nagara Patjitan, toeroen matoeroen nganti toemeka wajahé kjai Djajaniman maoe dadi boepati ing Patjitan, sabandjoeré noeli diganti wong lia

Panggedéné Patjitan ikoe bangsa Walandà maoené apangkat opsinder, lawas² bandjoer Asfistent Resident kabawah marang Batawi, ora antara lawas manèh bandjoer kaerèh marang Madioen

Madioen

Nalika karaton Djawa ana ing Padjang kang djoemeneng soeltan Padjang kangdjeng soeltan Adiwidjaja, boemi Madioen kaparingaké ipé dalem kangdjeng soeltan anama pangeran Mas, pangkaté panembahan, adeg padaleman ana ing koeta Wanasari (Madioen) saseboetané panembahan Madioen.

Bareng kraton Djawa wis ngalih menjang Mentaram panembahan Sènapati ing Mantaram karsané ngelar djadjahan satanah Djawa bakal dirèhaké kabèh, panembahan Madioen bandjoer diteloekaké, panembahan Madioen prangé kasoran, dioesir saka Madioen lolos menjang Djapan (Madjakerta) boemi Madioen kaerèh marang Mataram, sarta poetrané panembahan Madioen poetri kagarwa panembahan Sènapati, bareng wis lawas patoetan kakoeng wis diwasa noeli ditetepaké dadi panembahan ana ing Madioen anggantí kang éang, kabawah menjang Mantaram

Nalika pamrèntahan ratoe Djawa ana ing Kartasoera toemekané Soerakarta, boemi Madioen dibrentjah dadi kaboepatèn sawelas: 1 Wanasari: 2: Tjaroeban: 3: Ngoenèng: 4: Ngawi: 5 Toenggoel: 6: Poerwadadi 7: Maospati: 8 Madioen: 9 Magetan 10. Genengan: 11 Gendingan

Bareng boemi Madioen kapasrahaké marang Goepermèn, dadi rèrèhané diringkes dadi teloe: Wanasari; Madioen; Tjaroeban, lan Ngoenèng dadi sidji tetep boepati ana ing Madioen.

Magetan, Genengan, Maospati; Poerwadadi, tetep kaboepatèn ana ing Magetan

Ngawi, Toenggoel, Gendingan, dadi sidji, tetep kaboepatèn ing Ngawi.

Babad ing Djenggala-Manik taoen 1100 - 1200.

Dèk djaman koena kira² sadjeroné windoe 12 ana sawidjining pandita kang ambentoer tapa, djoedjoeloek resi Gentajoe, pertapané ing èrèng-èrèngé goenoeng Wilis sisih lor aran Ngetos, déné pandita maoe doewé rèrèhan tanah saloré goenoeng Wilis bawah menjang Ngetos, déné tanah rèrèhan maoe dadi nagara arané Koripan, pandita maoe ana pratapan ajasa tjandi² patilasan lia-liané, nganti saprené isih ana woedjoedé.

Sang pandita kagoengan poetra lima, kang pambarep wadon, djoemeneng pandita wadon ana sawétaning goenoeng Wilis ing doekoeh Poetjangan. déné pertapané ana goewa Sèla-Mangleng; poetra-

né pandita resi Gentajoe maoe kang papat lanang pada djoemeneng ratoe kabèh, kang toea djoemeneng ratoe ing Djenggala-Manik, nagara Djenggala-Manik maoe saiki ana ing distrik .... bawah kaboepatèn .... (saiki ing Sida-Ardja) kang raji djoemeneng ratoe ing Pamenang, ing Oerawan, lan ing Singasari, dénè kraton papat maoe sing binatara kraton ing Djenggala-Manik.

Katjarita ratoe ing Djenggala-Manik maoe misoewoer adil palamarta bèrboedi, nagara gemah ardja akèh para sabrang angé djawa, dénè djoedjoeloeké sang praboe Lemboe-Amiloehoer, satanah Djawa lan poelo² tjilik lio-liané kaerèh ing Djenggala-Manik, koeasané lan kaloehoerané misoewoer menjang tanah sabrang lan tanah Djawa. Sang praboe garwané poetri Keling poetrané sang ratoe Keling, karo sang poetri maoe patoetan sidji kakoeng, djoedjoeloek radèn pandji Inoe-Kertapati, radja poetra maoe dipoerveitakaké ana ing tanah Keling, moelané radja poetra maoe misoewoer kagoenané; bareng wis poetoes ngelmoené radjapoetra maoe kondoer menjang Djenggala-Manik, ana ing Djenggala-Manik amoerwani jasa gagaman, kajata: toembak, keris, pedang, golok, lameng sapanoenggalané. Kiwit nalika ikoe wong Djawa bandjoer pada sinaoe anggarap wesi digawé gagaman, alia saka ikoe radèn pandji Inoe-Kertapati maoe pinoendjoel kawroehé bab peperangan ing daratan lan ing laoetan, nalika djaman samono ora ana wong sidji-sidjia ing satanah india kang nimbangi kawroehé radèn pandji Inoe-Kertapati.

Moenggoeh kraton papat kasboet ing doewoer maoe kang djoemeneng pisepoeh ia ikoe pandita wadon ing doekoeh Poetjangan kaseboet ngarep, djoedjoeloek dèwi Kilisoetji, sadoeloeré sing toea dèwé.

Sadjroné pamrèntahan djaman ikoe kang andadèkaké dahoeroe peperangan kalané radèn pandji Inoekertapati apalakrama olèh poetri ing Mamenang

kang aran dèwi Sekartadji. Poetri Mamenang maoe misoewoer ajoe èndah, warnané ora ana para poetri kang madani; akèh para radja kang pada angeboen-eboen tjoeok oetawa nglamar, sarèhning ratoe Pamenang kèwoehan sing bakal ditampani, bandjoer ngadegaké sajembara perang gedé, endi sing oenggoel dèwé bakal ditampa dadi djodoné sang poetri. Katjarita ratoe kang gedé sarta abala akèh, ia ikoe sang praboe Klana-Sewandana, rawoehé sang praboe Klana-Sewandana ing Pamenang sarana nitih prave djong metoe bangawan Brantah, laboeh ana ing plaboean oetawa ing dèsa Djongbiroe. Perangé para radja² maoe sing misoewoer soewé lan ramé ia ikoe sang praboe Klanasewandana lan radèn pandji Inoekertapati. Sang praboe Klana-Sewandana perangé seremporn wekasan kapoepoeh ing ajoeda sarta balané akèh kang mati; dénè para radja liané pada teloek lan pada kondoer ing nagarané dèwé², lan balané sang praboe Klanasewandana sasisané kang pada mati bali moelih. Saboebaré perang ora antara lawas radèn pandji Inoekertapati didaoebaké karo dèwi Sekartadji; sabandjoeré kondoer menjang nagara Djenggala-Manik; bareng ingkang rama sang praboe Lemboe-Amiloehoer sèda radèn pandji Inoekertapati goemanti dadi ratoe adjoedjoeloek sang praboe Soerja amisèsa, kagoengan poetra kakoeng patoetan lan dèwi Sekartadji, anama Koedalalèan, nalika samana ing nagara Djenggala-Manik katekan moengsoeh saka sabrang, angreboet nagara ing Djenggala-Manik, sang praboe madpag prang, joedané wong tanah sabrang maoe ana tengahé sagara akanti poetrané kang anama Koedalalèan, perangé sang praboe kalindih, kapoepoeh ing ajoeda ana ing tengahé sagara kono, ananging moengsoehé sang praboe maoe sirna laroet katradjang joedané Koedalalèan poetrané sang praboe. Saboebaré peperangan Koedalalèan djoemeneng

ratoe ana ing Djenggala-Manik, angganti ingkang rama, adjoedjoeloek sang praboe Matsa-tandreman.
Sadjoemenengé sang praboe Matsa-Tandreman oro antara lawas ana dahoeroe pambaledosé goenoeng Ardjoena, nalika goenoeng Ardjoena ambaledos mỏetahaké lahar setawa ladoe kang ora kira² gedéné. Lahar maoe andaloedag saka goenoeng Ardjoena mili mangalor ngelebi nagara Djenggala-Manik, kabèh omah², kakajon, masdjid lan lia-liané, sirna katoetoep déning lahar, dadi nagara Djenggala-Manik kapendem ing sadjeroné lemah, wong siro bisa ngoengsi pada mati.
Sang praboe Matsa-Tandreman lan poenggawané, sarta lia-liané wong sawatara, ngili mangoelon andjog ing tanah Priangan, bandjoer doedoekoeh ana kono, kaprenah satjedaké kali Krawang.

Babad Kediri

Sasedané sang praboe Pamenang, nagara Komplang, marga poetrané poetri kagarwa ratoe Djenggala-Manik; saka karsané ratoe Djenggala-Manik lan saroedjoek karo para poenggawa, pamèntahan ratoe Pamenang kaesrahaké marang pandita wadon déwi Kilisoetji ing Poetjangan, kaleksanan sang pandita djoemeneng ratoe ana ing Pamenang anggentèni kang raji. Sarèhné saiki sing dadi ratoe wong wadon lan ambeg pandita, sarta kedi, apa manèh ora krama, saiki nagara Pamenang wadjib dielih djenengé, soepaja olèh berkahé sang ratoe poetri, nagara Pamenang dielih aran nagara: Kedsiri, awit nagarané ratoe wadon kedi; katelah nganti djaman saiki nagara maoe arané Kediri. Sasedané sang ratoe poetri nagara Kediri bandjoer ora ana sing djoemeneng ratoe manèh, bandjoer dadi désa² di brentjah² marang désa² sing gedé sakiwa tengené, djalaran saka pambaledosé goenoeng Keloet, lahar angroesakaké nagara.

nalika goenoeng Keloet ambaledos, amoetahaké lahar gedé angoerugi nagarané adipati Pandjer. Pandjer ikoe kabawah menjang Kediri, saiki apdeeling Blitar. Katjarita nagara Pandjer oloh djinawi, adipati Pandjer ikoe misoewoer soegih, bisa jasa tjandi aran tjandi Panataran, tjandi ikoe bata tinoempoek-toempoek akanti oekir-oekiran, doewoeré kira² limalas mèter, ing doewoer ana retjané akèh woedjoed kaja wajang kang tinata ing kelir, bareng nagara Pandjer maoe katoetoep ing lahar, tjandiné kapendem ing lemah, saiki sing katon kari retja wajang baé. Nagara Kediri nalika ikoe ia bandjoer roesak marga lahar saka goenoeng Keloet, wongé pada ngalih marang nagara lia, golèk sing ora kambah ing lahar.

Pertapan goewa Séla-Mangléng.

Pertapan goewa Selamangléng ikoe panggonané déwi Kilisoetji, pernahé ana lempèng èrèng-èrèngé goenoeng Wilis kang sisih lorwétan, èrèng-èrèngé goenoeng ikoe ana watoené gedé mangloeng mangétan, watoe maoe sing djero toemantjep ing goenoeng, watoe kang mangloeng maoe ana goewané aran goewa Sélamangléng, ikoe pertapané déwi Kilisoetji ratoe ing Kediri, ngarepé goewa pertapan ana platarané goemoek tjilik, sarta ana witwitané, woedjoedé goewa maoe kaja goewa gawèhané wong doedoe goewa dadiné saka kodrat, awit lawangé goewa sarta témboké goewa sing djero katara aloes tilas gagaman, kajadéné tinatah, apa manèh jèn andeleng témboké goewa sing djero kabèh dioekir, ana gambaré aksara, gambar wajang, gambar wong sapitoeroeté tenger² sastra Indoe, goewa ikoe lawangé tjioet, ing djero ngendil, ambané lawang kira² saméter, doewoeré rongmèter déné sing djero sadedeg pangawé. Sing djero kang sisih kidoel ana paloenggoehané oendak-oendakan moeng

sidji, kaja piranti paloenggoehan, lan ana loe-
wengé peteng, ambané kira² teloeng-prapat mè-
ter, djeroné karotengah mèter, goewa ikoe dèk bi-
èn pertapané dewi Kilisoetji, ratoe ing Kadiri,
saiki dadi panjadranan (pakaoelan), akèh pa-
ra bangsa sanadjan doedoe bangsa Djawa ia ana
sing njadran menjang goewa Selamangleng.

Dèsa Siman lan Besawa.

Ing dèsa Siman lan ing Besawa, ing djaman
ikoe ana pandita djedjaka kakang adi, sidik pa-
ningalé, bentoer tapané, soetji pikiré banget ing-
goné mersoedi kaoetamané wong sadjagad, per-
nahé dèsa Siman lan Besawa ikoe saloré Pan-
djer-Blèngkèt, pandita loro mau parèntah ma-
rang rèhrèhané nganggo angger², déné angger-
anggeré: kabèh wong ora kena tjidra, njolong, nga-
poesi, madon (demenan), minoem, madati, ma-
in, ngabotohan sapanoenggalané piala.

Déné jèn ana wong kang wani anradjang larangan
mau amasti sanalika mati dikerek ing ma-
tjan. Kjai pandita ing Besawa doewé ingon²
matjan gawéné toekang ngereg wong kang nra-
djang larangané, saking bentoering tapa pandi-
ta mau bandjoer ilang moesna, mrajang, na-
nging isih ninggal panganggo, roepa tjalana
sidji lan koelambi sidji, déné panggonané pane-
pèn saiki dadi sanggar, dipepetri ing wong dèsa
kono, déné panganggo mau diwadahi ing ke-
pèk disèlèh sadjroning sanggar ikoe, saben² mang-
sa djoeroekoentji kang mépé lan angresiki pangang-
go ikoe.

Nganti dina iki ing dèsa Siman lan Besawa
ikoe mèh ora ana lakoené doersila, tentrem salawa-
sé, awit saben² ana maling oetawa wong tjidra
demenan ora nganti let teloeng dina wong kang
nradjang angger² mau amasti mati dikereg
déning matjan, sarèhning wis akèh wong kang

pada weroeh dadi para doerdjana ora wani pi-
san² anglakokaké ana ing dèsa loro mau. Ka-
seboet ing doewoer pandita ing Besawa ikoe doewé
ingon² matjan toekang ngereg wong doerdjana, alia
saka ikoe ing dèsa kono akèh matjané gadoengan,
matjan dadèhané wong, ikoe asalé mangkéné :„
Kjai pandita mau ngetokaké moedjidjaté gawé
retja matjan lanang, andekem gedéné pada karo
gadjah, bolongané retja matjan lan doeboere
mlantoer metoe soembere banjoe bening, dèk bièn
saking moedjidjaté kjai pandita mau, jèn ana wong
demen dadi matjan koedoe ngombé soember kang
metoe saka doeboer, sanalika noeli andjir bandjoer
dadi matjan, jèn arep dadi wong manèh koedoe
ngombé soember saka ing iroengé retja matjan ikoe,
sachal bandjoer malih wong, saiki retja ikoe isih
woetoeh nanging soemberé wis mampet, sarta di-
pepetri ing wong dèsa kono.

Lodaja.

Lodaja ikoe alas gedé bawah afdeeling Blitar
sisih kidoel, ing djaman bièn ia alas gedé sega
ngloewihi saiki, ing kono akèh matjané, sarta
kawarta jèn ana matjané gadoengan, matjan
dadèhané wong, moenggoeh moelané boekané mang-
kéné :„ Ing djaman koena ana poenggawané de-
wa Soeralaja kasikoe ditoendoeng saka Soeralaja
disèlèh alas gedé kang ana oewité elo gedé lan wis
dojong, déné poenggawa Soeralaja mau anggawa
bendé sidji, wajang sidji dadi kalangenané, bareng
ana ngisoré wit elo kang dojong wis lawas, alas ikoe
didjenengaké alas Lodaja.

Katjarita poenggawa Soeralaja mau doewé adji:
djapané wong bisa dadi matjan, ing alas ikoe ana
wong toea lanang wadon malarat, doedoekoeh
ana tjedaké alas ikoe, poenggawa soeralaja mau
bareng weroeh wong toea ikoe banget welasé, ban-
djoer diendang diopèni, dipèkrèwang, di-ingoni

lan diwarahi ngèlmoe oetawa djapané wong bisa dadi matjan, awit jèn bisa dadi matjan ikoe golek sandang pangan gampang, ora soesah njamboet gawé tegal sawah, jèn wis dadi matjan bandjoer mangan boeron alas, ing Lodaja ikoe akèh banget kidang, mendjangan, banteng, tjèlèng, kantjil sapanoenggalané ora koekoerangan, ananging wong maoe didjandji sawisé dadi matjan koedoe ngreksa bendé lan wajang kang dadi kalangenané bendarané, sarta didjandji manèh koedoe ngadjak matjan alasan sadjabané alas Lodaja, dipoerih ngiroep manggon menjang alas Lodaja kabèh, moenggoeh parèntahé bendarané mengkono maoe kaleksanan, barang maoe disimpen ana ing sanggar, ditoenggoe matjan dadèkané wong ikoe, sapa² wani andjoepoek amasti dikerek nganti mati. Bareng sakiwa tengené alas Lodaja woes akèh wongé wong² ikoe kena njanggarakè barangé, tegesé jèn wong ikoe doewé barang kang pangadji soepaja adja ilang kagawa dursila, barang ikoe koedoe disanggarakè menjang pasanggaran alas Lodaja, nganti dina iki isih kalakon, akèh para wong Djawa kang soegih² pada njanggarakè barangé menjang Lodaja, déné barang kang disanggarakè ikoe saoepama ditjolong maling simaling amasti mati dikereg ing matjan Lodaja.

Rèkané anjanggarakè barang menjang sanggaran Lodaja ikoe mangkéné: barangé roepa apa² koedoe digawa menjang pasanggaran bandjoer toetoer: „Kjai barang koela poenika koela andèrèk titip ing sanggaran, pangreksanipoen soemangga, sarta wajang lan bendé ditoempangakè barang kang disanggarakè ikoe, bandjoer ngobong doepa, ninggali tjokbakal sadjen saperloené, sarta manèh ia doewit satali marang djoeroekoentji minangka opahé ngatoerakè barang ikoe, sabandjoeré barangé bandjoer digawa moelih, disimpen ana ngomahé dèwé. Sanadjan disimpen ana omahé dèwé mangka barang sanggaran maoe ditjolong maling, tar-

tamtoe maling ikoe diboeroe matjan Lodaja, jèn ora gelem ambalèkakè mesti dikereg matjan Lodaja sainggo mati, tjaritané wong sing bisa dadi matjan maoe doewé adji² pangoeripan, kang marahi bendarané, sing di-iroep matjan kang manggon ana ing alas liané Lodaja, moelané misoewoer banget jèn alas Lodaja ikoe kedatoné matjan, lan ana matjané gadoengan, alas Lodaja ikoe pantjen alas gedé lan djembar, toetoe koelané glagah alang² lan kakajon, akèh kéwané kang dadi pangané matjan, kajata: kidang, mendjangan, kantjil, tjèlèng, banteng sapanoenggalané. Saking djembaré alas, matjan manggon ing kono djenak banget ora ana wong kang moenasika, apa manèh ing Lodaja ikoe wongé arang², amarga ing kono soember arang² ora pati akèh banjoe, karo déné manèh wartané alas Lodaja ikoe wingit, matjan ikoe ingon-ingoné para lelemboet Lodaja, saoepama dipatèni sing doewé amasti ngamoek, dadi para wong Djawa arep matèni matjan Lodaja wedi, ora ana kang wani anggangoe mamatèni matjan Lodaja, moelané saja lawas matjan Lodaja ikoe tansah woewoeh woewoeh baé djiwané matjan, anak beranakan babar angrèdo pirang² atoes.

Alia saka ikoe kawoewoehan matjan saka alas liané panggonan kang di-iroep déning matjan gadoengan, moelané misoewoer satanah Djawa panggonané matjan akèh lan gedé² ikoe ing alas Lodaja, district Lodaja afdeeling Blitar Residentie Kediri.

Bab Padjadjaran.

Sadjroning windoe: 14: sang praboe Maèsa-Tandreman, adeg karaton ana ing tanah Priangan tjedak karo Krawang, negarané redja rahajoe slamet, wong Djawa brang wètan lan tengahan pada ngili mangoelon djoedegé ing tanah Priangan, kala djaman samono tanah Djawa tengah lan wètan

oesoemé goenoeng pada ambaledos, angroesakaké
nagara lan padésan, wongé kang ora trengginas
angili, amasti akèh kang mati pada katradjang
ladoe. Sang praboe Maésa-Tandreman adeg naga-
ra ing Priangan, diatoer ratan-ratané, sadjroné na-
gara pada ditandoeri wit tjemara adjèdjèr-djèdjèr,
bareng wis katara betjik nagarané ikoe dedjeneng-
aké Padjadjaran, ratoe Padjadjaran angerèhaké
wong satanah Djawa, toeroen-matoeroen nganti ka-
ping nem, parèntahané misoewoer adil paramarta,
berboedi sarta asih para kawoela kabèh. wong satanah
Djawa kèdep lair batin soemoengkem marang sang
praboe nganti nem toeroenan, lawasé satoes taoen,
déné kang djoemeneng ratoe wiwitan nganti loe-
mekané wekasan kaja ing ngisor iki:„

1 Radèn Koedalaldan.
(Sang praboe Maésa-Tandreman)
2. Radèn Lemboe-Pangarsa (Sang praboe Ban-
djaransari)
3. Sang praboe Moendingsari.
4. id. Moendingwangi
5 Radèn Djaka (aria Antakoesoema) Sang pra-
boe Pamekas.
6 Radèn Siong-Wenara (aria Banjakwide) Sri-
maha-radja-Sekti

Sasédané sang praboe Pamekas ana dahoeroe prang
gedé ing Padjadjaran, prang reboetan nagara,
Srimaha-radja-Sekti moengsoeh poetrané sang
praboe Pamekas, déné asal moela boekané prang
maoe mangkéné:„

Nalika djoemenengé sang praboe Pamekas, ing-
kang sinoehoen karsa anjoba kawroehé pandita
sidik ing goenoeng Bang tanah Priangan, katim-
balan menjang kadatoen ing Padjadjaran kada-
ngoe andikakaké metèk barang wadi. Déné ba-
rang wadi maoe mangkéné:„

Sang praboe karsa andamel doro marang sang pan-
dita, kagoengané ampil sang praboe kang ora

ambobot digémboli bokor, diatoer saèngga kaja wong
wadon ameteng temenan, noeli marak sang pra-
boe, sarta sang pandita ènggal katimbalan ing
ngarsané sang praboe. Sang dawoeh andikakaké
metja oetawa metèk kandoetané bok ampil, lanang
apa wadon lan apa bok ampil ikoe ngandeg teme-
nan, sawisé sang pandita amatrapaké sakèhé sadji²
sarta damang andeleng sadjroné primbon oetawa
kitabé, pametjané sang pandita bok ampil njata
ngandeg, sampoen mèh lèkipoen, sarta ing bèndjing
saged goemanti radja, pinoendjoel ing kasektèni-
poen, sarèhné bok ampil kang digémbol bokor
pandita ikoe bandjoer dipatèni déning sang pra-
boe, bareng pandita maoe wis mati, bok ampil
ikoe doemadakan kok meteng temenan, sarta
wis mèh lèké, djalaran saka mandiné sabdané
ratoe lan pandita, pangaran-aran. sabda pandi-
ta ratoe, tetep njatané ora owah saramboet, bareng
wetengané bok ampil wis toetoeg mangsané, dja-
bang baji lair lanang bagoes roepané, mawa tjahja,
sang praboe Pamekas èmeng ing galih baji arep
dipatèni, nanging ora kalakon, bandjoer dilebak-
aké ing peti (gendaga) dikèlèkaké kali Kra-
wang.

Kotjapa kigedé Krawang djoeroetaniné sang pra-
boe ing Padjadjaran ambeneri pasang bara-ana
ing kali Krawang, kigedé ora olèh iwak, pa-
sangané bara olèh kendaga, bandjoer di gawa moe-
lih, diboekak isi baji lanang mantjoer tjahjané,
banget andadèkaké boengahé kigedé, dasar ki-
gedé ikoe ora doewé anak woewoeh² njai gedé
boengahé ngoengkoeli kang lanang, baji bandjoer
dirèpakara kaja déné anaké déwé, sempoeloer sla-
met gelis gedé, didjenengaké djaka Krawang
dadi anaké kigedé Krawang; bareng djaka Kra-
wang wis diwasa mèloe bapakné séba menjang
kraton anjaosaké olèh-olèhané pari. Satekané
Padjadjaran kigedé séba sang ratoe di-iringaké

anaké, sang praboe amriksani anaké kigedé banget
renaning galih, djaka Krawang dipoendoet magang
ana ing kraton, bareng wis sawatara taoen djaka
Krawang ana ing kraton ing nalika sawidjining
dina gadjahé sang praboe meta, oetjoel saka wanti-
lan, ora ana poenggawa kang bisa njekel, noeli dja-
ka Krawang toemandang mangsah, gadjah dèn
tjekel idjèn, djaka Krawang gawéné katrima ing
sang ratoe, bandjoer didadèkaké mantri poenggawa
ing Padjadjaran

Ora antara lawas nagara Padjadjaran katekan
moengsoeh para pradjoerit mantri boepati akèh
kang kapratjondang joedané, ora ana sing mangga
poelih anadahi joedané moengsoeh, bareng kabèh
poenggawa wis pada miris, mantri poenggawa dja-
ka Krawang mangsah ngoendoerakè moengsoeh, ba-
reng moengsoeh maoe ditradjang dèning mantri poeng-
gawa kabèh goesis akèh kang pada mati, sasisané
kang mati pada loemajoe andelik, oetawa bali me-
njang nagarané. Sang praboe Pamekas banget a-
sihé marang djaka Krawang, saboebaré prang dja-
ka Krawang diangkat dadi mantri wadana, oetawa
patih angerèhaké pradjoerit ing Padjadjaran, ka-
patedan nama aria Banjakwidé, aria Banjakwidé
ikoe pantji wong pinter, bisa gawé gegaman kang
betjik², lakar bisa dadi empoe, aria Banjakwidé
dipertjaja banget marang sang praboe. Wong Pa-
djadjaran loewih saparo kang soejoet soemoengkem
lair batin menjang aria Banjak-Widé, bareng pang-
katé aria Banjak-Widé wis gedé doewé kelingan
niat males marang praboe Pamekas, anangin
sang praboe ora pisan² jèn ngrasa bakal diwales,
panggalihé sang praboe menjang Banjak-Widé moeng
asih tresna lan pertjaja. Aria Banjak-Widé ing-
goné arep nindakaké piwales akanti pratikel we-
gig, agawé kasenengané panggalihé sang praboe.
Aria Banjak-Widé agawé omah-tjilik saka wesi,
kena dielah-elih sakarepé wong, omah ikoe ambané

jèn diloenggoehi bisa moeni ngrangin kaja gamelan,
karo dené manèh jèn wong loemeboe ing djero omah
ikoe jèn mangsané benter dadi adem, jèn mangsané
adem dadi panas, jèn mangsané oekeb dadi isis,
omah wesi maoe bandjoer ditjaosaké marang sang
praboe, andadèkaké soeka pirenaning panggalihé
sang praboe Pamekas, saben dina kagem kang dadi
perloené.

Ing nalika sawidjiné dina praboe Pamekas a-
meng² ing omah wesi maoe, moeng kanti poenaka-
wan sawatara, sarta didèrèkaké arja Banjak-Widé,
bareng wis kabara lèna, omah wesi ditoetoep saka dja-
ba dikoentji rapet, sang praboe ora saged babar pisan
angengakaké omah wesi, bandjoer ditjemploengaké
kali Krawang, karo atjalatoe: saiki sang praboe tam-
pa piwales, amarga sang praboe karsa matèni pan-
dita lan badji kang tanpa dosa; omah wesi katjem-
ploengaké ing kali Krawang, sang praboe bandjoer
séda kabalabag.

Sakala gègèr sadjroné kedaton, para poetra pada pating
batitit anjandak gegaman, arep ngrampog aria
Banjak-Widé, ananging aria Banjak-Widé ora ke-
wran ing patrap, anoeli mapan angoempoelaké pa-
ra poenggawa kang wis manoet marang dèwèké, déné kèhé
para poenggawa kang anoet marang dèwèké loe-
wih rong pratelon, dadi moeng rong pratelon kang
moengsoeh karo aria Banjak-Widé, nalika ikoe
ing Padjadjaran ana prang gedé reboetan nagara.
Rangé aria Banjak-Widé oenggoel, moengsoehé
kalah. Para poetra santana kang ora gelem te-
loek, bandjoer pada lolos loenga saka nagara Padja-
djaran, aria Banjak-Widé bandjoer djoemeneng
nata ana ing Padjadjaran adjoedjoeloek Srima-
haradja-Sekti.

Kotjapa pangeran pati ing Padjadjaran lolos
menjang pertapané pandita ing Goenoeng Bang,
njoewoen pratikel marang sang pandita, dawoe-
hé sang pandita mangkené: „koeloep kowé ora

bisa menang karo sang praboe Maharadja-Sekti, jèn ko peksa awakmoe mesṯi toemekaing tiwas, tjoeṯel ora bisa dadi ratoe, kowé ikoe benere pantjèn tjalon ratoe, nanging ora ana ing Padjadjaran, ki-toedoehkoe marang kowé saiki lakonana, prajoga-né kowé loenga amangétan bener kéné, adja lérèn² manawa doeroeng nemoe wit madja moengsidji wohé, déné rasané pait, ikoe golèkana kaki dinganti katemoe, jèn wis katemoe noeli sira babada ing alas kono, lan pernahé wit madja mau adegana omah, sabandjoeré pénéré oewit ikoe ora lawas dadi karaton geḏé, sira kang djoemeneng ratoe nganti ma-toeroen-toeroen, rèrèhané djembar, kaseboet ratoe bina-ṯara. Saḏawoehé sang pandiṯa dilakoni, pangéran pati Padjadjaran toemoeli tindak mangétan, saben² kèndel amiling-miling apa wiwitan kang kaḏawoe-haké sang pandiṯa, déné tindaké kang andèrèk san-tana lan para poenggawa sawatara kang tresna lawan sang pangéran.

Bab rawa Tjampoer

Rawa Tjampoer ikoe sawidjining rawa tjeḏak ing kono akèh wongé, ḏèk bièn dadi nagara aran Ngrawa, saiki dieli̇h Toeloengagoeng. Ing nagara Toeloengagoeng ana tjanḏiné aran tjanḏi Panampikan, woedjoed watoe patilasané wong djaman koena, èmper-èm-peré ḏèk koena ing kono ikoe panggonané wong me-moedja oetawa sembahjang. Tjeḏaké tjanḏi Panam-pikan ikoe ana lemah gatel, woedjoedé palemahan resik ora ana ṯoeṯoekoelané oetawa reregeḏ apa², lemah gatel ikoe moelané resik baé awit jèn ana gogoḏongan katoet ing angin toemiba ing lemah gatel mau, ban-djoer sirna kaja déné kobong, jèn ana kéwan oeta-wa wong kang katlandjoer ngantjik lemah gatel ikoe sanalika kena lara, tarkadang mati saéḵal ana ing kono, soewé² bangkéné bisa ilang, kaja déné kobong dening geni.

Rawa Tjampoer ikoe enggon iwak koetoek geḏé²

lan akèh, iwak ikoe dipèki wong kono dadi pangan-pa djiwané, déné iwak koetoek ikoe kena digawé sega, pangolahé mangkéné: Iwak ikoe ḏisik di-boeang sisiké, kèpèté lan enḏasé, bandjoer diedang, sawisé mateng noeli dipipit diperes banjoené, dideplok lemboet sarta diepé nganti garing, sawisé ga-ring sarta lemboet, bandjoer didang kaja déné pa-ngolahé sega, oetawa diliwet, dadi sega iwak koe-toek. Ing district Waroeng-Djajèng, lan ing dis-trict Kertasana afdeeling Ngandjoek ia ana désa tjeḏak rawa, wongé paḏa mangan sega iwak koe-toek, kaja wong ing rawa Tjampoer (Toeloengagoeng). Rawa Tjampoer ikoe dèk bièn nagarané ana ing Ngrawa lan ing Kalangbrèt panggeḏéné apang-kat toemenggoeng, kaerèh ing Mantaram, bareng kaerèh ing Goepermèn nagara Ngrawa lan Kalang-brèt ilang ditetepaké ana ing Toeloengagoeng.

Babad kiageng Ngliman.

Soenan Giri praboe Setmata, kagoengan poetra kakoeng nama Aliman, banget enggoné moersal a-ngroesoehi saraké agama islam, déné patrapé angala-ala marang kawroehé santri, njepèlèkaké ngèlmoené para moeta ngalim. Sarèhné patrap mangkono mau bisa gawé tjabaré agama islam, lan bisa gawé sepiné pondokan masdjid, si Alim mau bandjoer diboeang menjang goenoeng saloré goenoeng Wilis, goenoeng kang dibroki Aliman ikoe bandjoer karan goenoeng Liman (goenoeng panggonané oetawa pa-ḏépokané si Aliman), si Aliman ana ing goenoeng kono mau bandjoer djoemeneng kiageng, moelang ngèlmoe kadigdajan lan kanoeragan marang wong Djawa kang paḏa poeroeita ana ing kono, bareng wis akèh moeridé, kiageng Liman salah pa-nemoené dadi kraman abala para moeridé, ora antara lawas kena katjekel kagawa menjang Lo-lo, dihoekoem pati.

Paḏépokané kiageng Liman ikoe bawah kaboepa-tèn

Bèrbeg, kalané kabawah marang Mantaram ka-
boepatèné ana papat„ Kertasana, Ngandjoek, Go-
déan lan Bèrbeg, bareng kaerèh ing Goepermèn
diringkes dadi sidji, tetep ana ing Bèrbeg, lawas²
bandjoer ngalih menjang Ngandjoek.

---

p. 1 t/m 11. Anjariosaken nalika Batara-Katong aneloeka-
ken kiageng Koetoe sabawahipoen soepados sami
loemebet ing agami islam; ngantos kelampahan
tiang bawahipoen kiageng Koetoe sami teloek, na-
nging kiageng Koetoe séda ing paprangan.

p. 11 t/m 12. Anjariosaken nalika Setraketipa dados toemeng-
goeng wonten ing Patjitan (moela-boekanipoen
kawastanan nagari Patjitan) ngantos doemoegi-
nipoen kabawah ing Kangdjeng Goepermen.

p. 12 t/m 13. Anjariosaken nalika boemi Madioen (kagoengan-
ipoen panembahan Madioen) ladjeng kabawah
ing Mentaram, ladjeng kabawah ing Kartasoera
ngantos doemoeginipoen kabawah ing Kangdjeng
Goepermen.

p. 13 t/m 16. Anjariosaken praboe Lemboe-Amiloehoer ing Djenggalamanik (poetra-
poen resi Getajoe) toeroen-toemoeroen ngantos doemoe-
gi praboe Soerja-Amisésa (Inoekertapati), sarta pra-
boe Maésa-Tandreman (Koedalaléan), ngantos
doemoeginipoen Djenggalamanik karisaän amargi
saking pandjebloegipoen redi Ardjoena

p. 16 t/m 17. Anjariosaken nalika dèwi Kilisoetji (poetra Getajoe)
djoemeneng ratoe ing Mamenang (wiwit Mamenang
kawastanan Kediri) ngantos doemoegi sasédanipoen
sang poetri, poenapa malih anjariosaken adipati Pandji.

p. 17 t/m 18. Anjariosaken pertapan Goewa-Selamangleng (perta-
panipoen dèwi Kilisoetji)

p. 18 t/m 19. Anjariosaken pandita ing Liman lan Besawa (babo-
tjan gadoengan).

p. 19 t/m 21. Anjariosaken awit katahing sima ing Lodaja.

p. 21 t/m 26. " Padjadjaran kengingipoen aria Banjakwidé (Mahoedaja sekti).

p. 26 t/m 27. " Rawa Tjampoer (Toeloengagoeng)

p. 27 t/m 28. " Kiageng Liman (ing redi Liman) ingkang
boten tjondong dateng agami islam.

~~~~~~
~~~~~~